

Pre- Post Assessment for 2nd Grade 2Nd. Quarter

Non: _____ Dat: _____

Skill Focus: High-Frequency words

1. Nan chak bwat, fè yon list anba chak mo bagay ki:

<u>Bèl</u>	<u>silans</u>	<u>dwat</u>

2. Kategorize mo- Fè yon list non :

<u>Moun</u>	<u>Bagay</u>	<u>Kote</u>

Skill Focus: Grammar

Sa pou nou sonje: Yon **fraz deklare** fini ak yon pwen (.)

Yon **fraz esklame** fini ak yon pwen esklame(!)

Lè nou bezwen yon moun fè yon bagay. Nou sèvi ak **fraz Kòmande** e fraz la fini ak yon (.)

Yon **fraz keksyon** fini ak (?) Pou nou poze keksyon nou ka sèvi ak *Ki sa, ki kote, kilè, èske*

Li fraz sa yo byen epi mete chak kalite fraz bò pa li, nan tablo a.

1. Gad Dòkèt se yon Polisforè.
2. Li antre nan dlo ak yon nas.
3. Kisa Gad Dòkèt fè nan plas piblik la?
4. Se te byen Spot!
5. Vin pran liv ou.
6. Kijan tigason an te panse katye a?
7. O! sa a se yon gwo bèt.
8. Kiyès ki te la?
9. Flòp! Flòp!
10. Al chita ti gason.

Fraz deklare	Fraz keksyon
Fraz eskrame	Fraz kòmande





Skill Focus: Comprehension

Konpare/ak fè diferans:

Li de ti istwa sa yo, trase yon **venn dyagram** pou konpare **similarite ak diferans** yo genyen.

Gad Dòkèt se yon Polisforè k ap pren swen yon plas piblik. Li toujou gen moun k ap vizite plas la. Li montre moun yo plant ak bèt ki viv la tankou tòti, krapo, ak ensèk e li anseye timoun yo klas bò yon basen dlo. Chak ane li plante ti plant. Li esplike enpòtans plant yo. Gad Dòkèt te al aprann lekòl pou l te vin yon Polisforè. Li renmen travay li.

David ansanm ak klas li al vizite yon estasyon ponpye. Kòmandan ponpye a montre timoun yo anpil bagay tankou yon kas, ekipman yo mete sou yo, klòch la e kote yo dòmi. Li montre yo kijan yo sèvi ak poto estasyon ponpye a. Kòmandan an eskplike timoun yo enpòtans estasyon ponpye a. Li di yo tou kouman li renmen travay li.

Fè ak Opinyon

Yon **fè** se fraz ou ka pwouve ki fo, osinon ki vrè. Yon **opinyon** se sa ou menn panse oubyen di.

Klase fraz sa yo nan plas yo. Di si yo se **fè** osinon **opinyon**.

Gad Dòkèt se yon Polisforè.

Ponpye se moun ki etenn dife.

Mwen pa renmen estasyon ponpye a.

Gad Dòkèt travay plis pase yon ponpye.

Fè	Opinyon
----	---------

Kategorize/Klasifye

Fè yon won otou mo ki pa klase nan men category avèk mo yo.

- a) Kas – bòt – poto – chemiz – pantalon
- b) Pwofesè – madmwazèl – elèv - lekòl - chapo
- c) Meksiken – Ayisyen – Kiben – Pòtoriken – drapo
- d) Fe datifis – pwi detwal – alimèt bengal - mache

Bay sinonim mo sa yo?

- | | |
|--------|----------|
| basen | chemen |
| arebò | bokit |
| naje | elvaj |
| sipriz | kolasonn |

Bay kontrè mo sa yo?

- | | |
|----------|--------|
| labou | plante |
| respekte | tonbe |
| jwenn | antre |
| forè | derape |




Mo sa yo ekri menn jan. Mo sa yo gen plizyè signifikasyon. Bay youn ou konnen?

Fè _____ fè _____

Di _____ Di _____

otè _____ otè _____

De mo ki fòmè youn yo rele yo *mo konpose*. Identifye de mo ki fè mo sa yo?




Chouflè =



Mennen =

Savonnen =

sentiwon =



Skill focus: reading

Elèv yo ap li istwa **Kalenderik** nan paj 32 nan liv **Wi! Mwen konn li 2è liv**, epi yo va repond kesksyon sou téks la.

1. Kisa Kalenderik la ye? _____
2. Poukisa kè wa a te kontan?

3. Ki malè ki rive ze yo yon jou?

4. Kisa wa a deside fè pou jwenn vòlè a?

5. Site non bèt wa a te poze kesksyon.

6. Lè yo jwenn vole a, kisa yo fè l?

Skill Focus: Writing

Ekri yon paragraph osijè de yon bagay ou te fè ak paran w ki te amizan anpil.